

COMITÉ D'INITIATIVE POUR SOUTENIR L'ALPHABÉTISATION EN HAÏTI



Nous avons tous le droit d'apprendre à lire et à écrire, d'avoir accès aux connaissances et aux progrès développés par la science. L'alphabétisation d'une personne dans sa langue maternelle constitue le meilleur garant pour éprouver ce sentiment de liberté et de fierté que procure le savoir.

283-6419

CIPSAH

INFO: (514) 651-0157

ORIGINE DU CIPSAH

Le CIPSAH est un organisme à but non lucratif légalement constitué, fondé à Montréal, le 13 avril 1997 pour sensibiliser les sociétés québécoise et canadienne à la question de l'analphabétisme en Haïti. Outre les enfants en âge scolaire, il y a en Haïti, à alphabétiser, deux millions de personnes âgées de 16 ans et plus. Le budget de l'État affecté à l'alphabétisation, bien utilisé, ne pourrait jamais atteindre cet objectif présentement. Pour lutter contre l'analphabétisme en Haïti, c'est toute la société civile qu'il faudra mobiliser. De ce constat est né le CIPSAH

Objectifs du CIPSAH

Les principaux objectifs du CIPSAH sont:

- soutenir l'alphabétisation en Haïti,
- contribuer à la promotion de la langue créole,
- lutter pour sa propre survie.

Le CIPSAH veut aussi:

- mobiliser suffisamment d'hommes et de femmes pour pouvoir mettre sur pied au moins cinq classes d'alphabétisation chaque année,
- favoriser les régions les plus démunies et les plus éloignées des grands centres urbains.

Qui finance l'Éducation en Haïti ?

Les observateurs de la question de l'éducation en Haïti sont unanimes à déclarer que le système de l'éducation est financé par :

- l'État haïtien avec un maigre 2.5% du PIB,
- la population haïtienne avec 12.5% du PIB,
- la Communauté Économique Européenne (80% du budget de fonctionnement - salaires non compris),
- les ONG étrangers et haïtiens,
- les organismes religieux et ceux de charité.

Matériels d'alphabétisation

Pour réaliser ses objectifs, le CIPSAH a besoin des matériels d'alphabétisation comme: cahiers, crayons, boîtes de craie, aiguiseurs de crayon, brosses à effacer, tableaux, lampes à pétrole. Il a aussi besoin des services d'impression et de transport de matériels.

COMBIEN COÛTE UN ÉLÈVE ALPHABÉTISÉ ?

Selon les données fournies par le Secrétariat d'État à l'alphabétisation, pour faire fonctionner une classe d'alphabétisation de 20 élèves avec un moniteur pendant six mois, il faut « 5,265 gdes » soit environ \$27.00 canadien par élève. Ce montant comprend les frais de matériels, les frais de formation du moniteur et du superviseur et leurs allocations.

Comment devenir membre

Toute personne, physique ou morale, qui partage les objectifs de l'organisation peut devenir membre du CIPSAH et/ou aider à alphabétiser une ou plusieurs personnes. L'intéressé/e n'a qu'à remplir l'espace au bas de cette page.

Intérêts d'être membre

Devenir membre du CIPSAH, c'est avant tout opter pour, l'alphabétisation, la promotion de la langue créole, la justice, la dignité et l'espoir. Plus vite un peuple s'initie à la lecture et à l'écriture, mieux il s'identifie à sa langue et mieux il fera face à ses oppresseurs. Pour contribuer à faire de cet idéal une réalité au profit des Haïtiens/nes, le CIPSAH a besoin de votre participation et vous prie de bien vouloir remplir ce formulaire.

Mon nom est.....

- Je veux être membre du CIPSAH (\$25 par année)
- Je veux aider à alphabétiser ___ élève(s) par année
- Je veux faire un don de \$.....
- J'ai des matériels (d'alpha..) et des services à offrir

Mes coordonnées sont:

Adresse.....
Ville.....Code Postal.....
Tél.....Fax.....
Date.....Signature.....

Veuillez découper et retourner à CIPSAH:

B.P 1426, Succ. Desjardins, Montréal, Qué. H5B 1H3

KOMITE INISYATIV POU KORE ALFABETIZASYON ANN AYITI

385-0938 2038-7410-1224



Tout moun gen dwa pou l aprann li ak ekri e pou l jwenn konesans ak pwogrè lasyans devlope. Alfabetizasyon yon moun nan lang maman l, se pi bon zouti ki ka ekziste pou jwenn chemen libète sa a, ki boujonnen nan lakou konesans.

KIPKAA

ENF: (514) 651-0157

KI KOTE KIPKAA SÒTI ?

KIPKAA se yon òganizasyon ki pa la pou fè lajan. Leta ba l batistè jan la lwa vle sa fèt. Li fonde nan lakou Monreyal jou ki te 13 avril 1997 pou sansibilize moun bò isit sou zafè alfabetizasyon nan peyi Dayiti. San nou pa konte timoun ki gen laj pou al lekòl, gen ann Ayiti de milyon moun pou aprann li ak ekri, ki gen kenz rekòt kafe sou tèt yo. Bidjè Sekretarya Deta pou Alfabetizasyon pa ka reyalize objektif sa a menm lè pa ta genyen gagòt. Li klè tou, Leta manke volonte ak mwayen. Pou lage koukourouj dèyè analfabetizasyon ann Ayiti, fòk se Ayisyen toupatou ki mete men ansanm. Se sityasyon malouk sa a ki bay KIPKAA.

Objektif KIPKAA

Manman objektif KIPKAA se:

- kore alfabetizasyon ann Ayiti,
- bay lang kreyòl la jarèt pou l layite kò l tribò babò nan tout domèn,
- goumen pou pwòp vi pa l toutotan gen tan.

KIPKAA vle tou:

- mobilize ase fanm ak gason, pou l rive, pou pi piti, mete kanpe, senk (5) klas alfabetizasyon chak ane,
- pote kole nan rejyon ki pi rekile e pi defavorize yo.

Ki moun ki finanse edikasyon ann Ayiti ?

Tout divinò maton nan zafè edikasyon ann Ayiti dakò pou deklare finansman sistèm edikasyon an soti nan:

- Leta ki envesti yon ti pousyè lajan (2.5% PIB)
- popilasyon ayisyen an ki depanse (12.5 PIB).
- Kominote Ekonomik Ewopeyenn ki bay 80% bidjè fonksyonman an - salè pa ladan l
- ONG etranje e ONG ayisyen yo
- òganism legliz e òganism charite yo

Ki materyèl alfabetizasyon sa pran ?

Pou reyalize objektif li yo, KIPKAA bezwen anpil materyèl alfabetizasyon tankou: kaye, kreyon, lakrè, egizwa pou kreyon, tablo, bwòs pou efase e lanp kòlman pou limyè. Li bezwen tou konkou moun ki konn enprime liv e moun ki konn transpòte materyèl ann Ayiti.

KONBYEN CHAK ELÈV KOUTE ?

Dapre dokiman ki soti nan Sekretarya Deta pou Alfabetizasyon peyi Dayiti, pou fè fonksyone yon klas alfabetizasyon ki gen 20 elèv ak yon monitè pendan 6 mwa, sa pran « 5,265 goud », sa vle di \$27.00 kanadyen pou chak elèv. Montan sa a gen ladan l kèk frè pou materyèl alfabetizasyon, li gen tou yon poud kafe pou fòmasyon monitè ak sipèvisè yo ansanm ak yon ti tchotcho pou yo.

Kòman ou ka vin manm ou ede ?

Tout moun e tout òganizasyon ki legal ki dakò ak objektif òganizasyon an ka vin manm KIPKAA ou ede yonn ou plizyè moun analfabèt konn li ak ekri. Zanmi sa a ap sèlman ranpli espas anba paj sila a.

Poukisa ou dwe vinn manm ou ede ?

Vin manm KIPKAA ou ede yon moun konn li ak ekri, se yon chwa karebare: pou alfabetizasyon ak lang kreyòl la pran jarèt, pou lajistis, ladiyite ak lespwa fleri. Pi vit yon pèp aprann li ak ekri, se plis li menm ak lang li fè yon sèl, e se plis li gen zam pou lite enba fòs fènwa. Pou kèk Ayisyen ki pa konn li ak ekri rive reyalize rèv sa a, KIPKAA bezwen patisipasyon ou. Se pou tèt sa li mande ou ranpli fòmilè sa a s.v.p.

Non mwen se:.....

- Mwen vle vin manm, (\$25 pou yon ane)
- Mwen vle ede alfabetize _____ elèv chak ane
- Mwen vle fè yon don pou \$.....
- Mwen vle ofri materyèl alfabetizasyon e sèvis mwen

Kòdone mwen yo se:

Adrès.....
Vil.....Kòd Postal.....
Tel.....Faks.....
Dat.....Siyati.....

Dekoupe e retounen bay KIPKAA:

B.P 1426, Suc. Desjardins, Montréal, Qué. H5B 1H3